



Pran aksyon kont chanjman klima

Chè Nouyòkè,

Mwen pale souvan sou misyon nou pou prepare elèv yo pou yo byen demare pou gen yon avni asire, epi, lè mwen fè sa, mwen konsidere mond n ap prepare yo pou antre ladan an. Mond sa konplèks, epi li chanje rapidman—epi l ap fè fas avèk menas ekzistans chanjman klima a. Timoun nou yo pa t kreye pwoblèm sa a, men yo pral sètènman yon eleman enpòtan nan rezoud li.

Se poutèt sa mwen kontan anpil pou premye [Jounen aksyon pou pwoteje klima a](#) Lekòl Leta Vil Nouyòk ap òganize —pandan kat jou, chak avèk yon tèm diferan, pou mete aksan sou enpòtans dirabilite epi ankouraje aksyon nan lekòl nou yo pou pwoteje klima a:

- 6 desanm Enèji
- 7 fevriye: Fatra
- 17 avril: Sante, byennèt, ak espas vèt
- 12 jen: Dlo

Nan Jounen aksyon pou pwoteje klima a, kominote lekòl nou yo pral fouye nan sijè sa yo epi aprann sou dirabilite, sa k ap pèmèt yo fikse objektif nan lekòl yo epi pran aksyon. Pou prepare, Biwo nou pou enèji ak dirabilite te dirije twa fòmasyon tout jounen mwa sa a pou pwofesè ak anplwaye lekòl, avèk prèske 750 patisipan an total. Edikatè sa yo te planifye aktivite ki gen rapò avèk klima ak pwogram ki adapte pou kominote lekòl yo, sòti nan pwomnad "investigasyon enèji nan katye" pase nan jou manje midi san objè an plastik rive nan konstriksyon jaden jesyon dlo lapli (rain gardens) ak filtè dlo.

Posibilite yo pou edikasyon sou klima ak pou pran aksyon san limit. Èske w te konnen, dapre yon [etid 2017](#) Depatman Sanitasyon Vil la, 51% fatra yo pwodui nan lekòl yo ka tounen konpòs, epi 35% ka resikle? Pou mwen, gen yon mesaj klè dèyè done sa yo: lè n ap pale sou anviwònman an ak bati yon avni pi vèt, nou antan yon sistèm lekòl gen yon opòtinite-ak responsablite-pou nou montre chemen an.

Deja, Lekòl Leta Vil Nouyòk se pi gwo kontribisyon nan objektif enèji solèy vil la, avèk 81 enstalasyon enèji solèy atravè lekòl nou yo jounen-jodi. N ap konekte elèv nou yo tou pou jwenn djòb nan pwoteksyon klima atravè pwogram Edikasyon Karyè ak Teknik ak aprantisaj ki konekte avèk karyè. Epi nan fen ane lekòl sa a, nou pral gen kote pou lekòl yo lage konpòs ki aksesib pou chak lekòl nou yo—pi gwo pwogram lekòl pou pwodui konpòs nan nasyon an.

Pandan n ap apwoche Jounen aksyon pou pwoteje klima yo, mwen ankouraje tout kominote NYCPS la pou patisipe! Fanmi, kontakte lekòl pitit ou yo epi mande enfòmasyon sou plan yo genyen pou premye Jounen aksyon pou pwoteje klima nou an 6 desanm. Ou ka ale tou sou [pajwèb](#) nou an pou wè liv apwopriye nou rekòmande dapre laj pitit ou a ki konsantre sou klima ak dirabilite.

Estaf lekòl nou yo, remèsye w pou tout travay di ou fè otòn sa a pou fè Jounen aksyon pou pwoteje klima yo yon siksè. Mwen wè ou, epi mwen la pou ou. Eritaj ou a pral kite se elèv ou enspire pou pwoteje planèt nou an.

Plane wo,

David C. Banks
Chanselye

Vedeyo aktyalite nou an: Gade videyo sa a sou vizit nou nan Brooklyn College, epi sonje, CUNY ap anile frè aplikasyon pou elèv klas 12yèm ane NYCPS jiska nan fen mwa oktòb la! [Piblikasyon PS + You](#) avan sa a gen plis detay.



Men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa mesaj imèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis](#).